

# Ou San Travay?

Gid ofisyèl sa a pou travayè Massachusetts yo ede ou aprann sou:

**Benefis chomaj ak sèvis GRATIS pou ede ou jwenn yon nouvo travay.**



Ou resevwa gid sa a paske ou te aplike pou benefis chomaj. Pèdi yon travay se yon sitiyasyon ki bay anpil estrès. **Sèvi ak gid sa a pou aprann kijan pou:**

- Vin **elijib** epi rete elijib pou benefis yo,
- Jwenn sèvis **gratis** pou ede ou retounen travay, epi
- **Konekte** avè n sou entènèt, pa telefòn, oswa an pèsòn.

**Si ou PA t aplike pou benefis chomaj ...** Gen yon moun ki ka ap itilize idantite ou. Pwoteje tèt ou epi rapòte sa imedyatman: Vizite [mass.gov/dua/fraud](https://mass.gov/dua/fraud) oswa rele nan **(617) 626-6800**.



**MASSACHUSETTS DEPARTMENT OF  
UNEMPLOYMENT ASSISTANCE**

**Lis Sijè yo**

**Kisa k pase apre ou aplike pou benefis chomaj? ..... 3**

**Kijan nou kalkile kantite benefis chak semèn ou (WBA):..... 4**

**Kijan n kalkile benefis yo lè nou itilize peryòd baz prensipal la .. 5**

**Kesyon sou kantite benefis chak semèn ou ..... 5**

**Kalkil benefis lè nou itilize peryòd baz prensipal (MBA): ..... 5**

**Ou dwe sètifye pou benefis chak semèn: ..... 6**

**Ou p ap resevwa benefis pou premye semèn chomaj ou a: ..... 6**

**Ou dwe di nou nan ki pwen rechèch travay ou rive:..... 7**

**Kisa “ap chèche travay” vle di?..... 8**

**Kesyon ou dwe reponn pou sètifye: ..... 7**

**Sant Karyè MassHire (MCC) yo:..... 9**

**Ou ka itilize resous gratis MCC yo nenpòt kilè! ..... 9**

**Lòt bagay enpòtan pou w sonje: Notifye nou sou nenpòt chanjman nan enfòmasyon kontak ou. ..... 10**

**Kisa pou w fè si DUA di ou pa elijib pou benefis chomaj, oswa si yon ansyen anplwayè pa dakò ke ou elijib: ..... 11**

**Pandan w ap tann odyans ou, li enpòtan pou ou kontinye sètifye pou benefis si ou toujou san travay – menm si ou resevwa yon avi ki di ou pa elijib pou resevwa benefis. Si yo aksepte ba w benefis apre odyans lan, w ap resevwa peman pou tout semèn ou te sètifye yo: ..... 12**

**Ale nan odyans lan. Pa anreta! ..... 12**

**Kisa pou m fè si mwen pa dakò ak desizyon odyans lan?..... 13**

**Kisa k ap pase si n peye ou plis pase sa ou ta dwe resevwa? .. 14**

**Kijan pou mande yon dispans pou peman anplis:..... 15**

**Penalite ak frè enterè pou peman anplis:..... 15**

**Kisa pou w fè si ou bezwen fòmasyon pou jwenn travay ..... 16**

**Enfòmasyon kontak ou ka bezwen:..... 18**

**Si ou pa pale anglè byen, li avi sa a: ..... 20**

**Kisa k pase apre ou aplike pou benefis chomaj?**

Nou travay sou pifò reklamasyon nan 3 a 4 semèn. Men etap nou swiv apre ou fin aplike pou benefis chomaj yo:

|                                                                                                                  |                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                         |
|------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|---------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <p><b>Nou kontakte anplwayè ou yo</b></p> <p><i>Paj 3 nan Gid sa a eksplike kijan nou kalkile benefis yo</i></p> | <p>Nou mande tout anplwayè ou te mete sou reklamasyon ou a pou yo bay enfòmasyon sou salè ou te touche ak rezon ou te sispann travay lakay. Si yon anplwayè pa reponn nan <b>10 jou</b>, nou ka kontakte w pou enfòmasyon sa yo.</p> <p>Nou revize enfòmasyon salè ak travay ou pou deside si ou touche ase lajan pou kalifye pou benefis yo, epi pou konbyen tan. N ap voye ba w yon '<i>detèminasyon monetè</i>' ak enfòmasyon sa yo anvan n pran desizyon sou si w elijib pou benefis chomaj yo.</p> |
| <p><b>Nou ka voye lòt kesyon pou ou reponn</b></p>                                                               | <p>N ap fè l si n bezwen plis enfòmasyon pou n ka pran desizyon sou reklamasyon ou a. Reponn tout lòt kesyon anvan dat limit la.</p>                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                    |
| <p><b>Nou revize enfòmasyon sou rezon ou te sispann travay</b></p>                                               | <p>Nou revize rezon ou te sispann travay pou nou deside si ou gen dwa resevwa benefis chomaj.</p>                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                       |
| <p><b>Nou voye detèminasyon nou ba ou</b></p>                                                                    | <p>Detèminasyon nou yo ka di:</p> <ul style="list-style-type: none"><li>■ <b>Ou elijib pou benefis yo.</b> Ou pral resevwa benefis yo swa pa depo dirèk nan kont labank ou oswa sou yon kat dèbi DUA (ou chwazi ki opsyon ou vle)</li><li>■ <b>Ou pa elijib pou benefis yo.</b> Chèche yon lòt sou kont DUA sou entènèt ou oswa nan lapòs ki esplike poukisa nou deside ou pa elijib.</li></ul>                                                                                                         |

|                                             |                                                                                                                                               |
|---------------------------------------------|-----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <b>Ou ka pa dakò ak detèminasyon nou an</b> | Si ou panse detèminasyon nou sou benefis ou yo pa kòrèk, ou ka mande yon odyans apèl nan lespas 10 jou. Avi ou a ap eksplike kijan pou fè sa. |
| <b>Lòt kondisyon elijiblite</b>             | Menm si ou elijib pou benefis yo, ou dwe satisfè tout lòt kondisyon elijiblite DUA yo chak semèn ou reklame benefis. Gade nan <i>paj 6</i> .  |

**Kijan nou kalkile kantite benefis chak semèn ou (WBA):**

Reklaman ki elijib yo resevwa benefis chomaj chak semèn. Kantite lajan ou ka resevwa chak semèn rele 'kantite benefis chak semèn' ou, oswa WBA ou.

WBA ou se anviwon 50% nan salè mwayèn ou chak semèn pandan 4 dènye trimès kalandriye yo anvan ou te aplike pou benefis yo (jiska yon kantite maksimòm lalwa fikse).

Trimès yo se peryòd twa mwa nan yon ane kalandriye. Premye trimès la se 1 Janvyè rive 31 Mas. Dezyèm trimès la se 1 Avril rive 30 Jen. Twazyèm trimès la se 1 Jiyè rive 30 Septanm. Katyèm trimès la se 1 Oktòb rive 31 Desanm.

Kat (4) dènye trimès kalandriye ki fini anvan ou depoze demann ou a rele **peryòd baz prensipal** la. Pa egzanp, si ou pèdi travay ou 30 Avril, kat (4) dènye trimès ki fini yo ta se Trimès 1 nan ane aktyèl la, epi Trimès 4, 3 ak 2 nan ane anvan an.

Si ou pa elijib baze sou salè ou touche pandan peryòd baz prensipal la, n ap mande enfòmasyon sou salè ou touche pandan 3 dènye trimès kalandriye ki fini yo PLUS trimès aktyèl la jiska dat ou aplike a. (Peryòd sa a rele **peryòd baz altènatif** ou.) Si ou kalifye dapre peryòd baz altènatif la, n ap otomatikman itilize salè sa yo. Nan egzanp nou te bay pi wo a, DUA ta konsidere salè soti 1 Avril rive 30 Avril, ansanm ak Trimès 1 nan ane aktyèl la, epi Trimès 4 ak 3 nan ane anvan an.

Epitou ou ka mande nou itilize peryòd baz altènatif la si ou kapab montre ke sa ta ba ou omwen 10% plis nan benefis yo.

Kijan n kalkile benefis lè n itilize peryòd baz prensipal la:

Egzanp:

Etap 1: Mete total salè ou touche nan men tout anplwayè ou yo pandan peryòd baz ou a pou 4 dènye trimès konplè ou te travay yo.

| Trimès 1 | Trimès 2 | Trimès 3 | Trimès 4 |
|----------|----------|----------|----------|
| \$7,800  | \$7,800  | \$8,840  | \$10,000 |

Etap 2: Ajoute salè ou touche nan 2 trimès kote ou te touche plis lajan. Nan egzanp sa a, se Trimès 3 ak Trimès 4 ki te pi wo yo.

$$\$8,840 + \$10,000 = \$18,840$$

Etap 3: Divize total nan Etap 2 la pa 26. (Gen 26 semèn nan 2 trimès.) Nan egzanp sa a, Trimès 3 ak Trimès 4 bay yon total \$18,840. Divize kantite sa a pa 26 pou jwenn salè mwayèn ou pa semèn, \$724.61.

$$\$18,840 \div 26 = \$724.61$$

Sonje: Si ou te travay sèlman 1 oswa 2 trimès, itilize trimès kote ou te touche plis lajan, epi divize kantite sa a pa 13. (Gen 13 semèn nan yon trimès.)

Etap 4: Divize salè mwayèn pa semèn lan pa 2. Apresa, awondi kantite lajan an pou li pi pre yon dola antye. Sa ba w \$362 kòm kantite benefis pa semèn (WBA ou).

$$\$724.61 \div 2 = \$362.30$$

Si ou gen timoun anba chaj ou, ou ka elijib pou yon sipleman \$25 pa semèn pou chak timoun anba chaj ou.

Kesyon sou kantite benefis chak semèn ou:

Vizite: [mass.gov/info-details/how-your-unemployment-benefits-are-determined](https://mass.gov/info-details/how-your-unemployment-benefits-are-determined).

Kalkil benefis lè nou itilize peryòd baz prensipal (MBA):

Kantite maksimòm benefis ou (MBA) se total lajan ou ka resevwa pandan ane benefis ou a. MBA ou se pi piti nan de kantite sa yo:

- ✓ Kantite benefis chak semèn ou a miltipliye pa 30, oswa
  - ✓ Total salè ou touche pandan peryòd baz ou a x .36
- Ou ka resevwa yon sipleman \$25.00 pa semèn pou chak timoun a chaj. Ou dwe responsab pou tout oswa prensipal sipò timoun nan.

"Alokasyon pou timoun ou responsab aplikab sèlman si ou legalman responsab pou timoun nan. Ou ka paran, bopè, bèlmè oswa gadyen legal timoun nan. Se yonsèl moun ki ka resevwa alokasyon pou yon timoun ou responsab li nan menm peryòd la.

### **Ou dwe sètifye pou benefis chak semèn:**

**Ou pa ka resevwa benefis chomaj sof si ou fè demann benefis oswa si w 'sètifye' chak semèn ou san travay. Ou ka sètifye pou benefis yo sou entènèt oswa lè ou rele liy otomatik DUA TeleCert nan (617) 626-6338. Li enpòtan pou ou fè sa chak semèn pandan ou san travay.**

Ou ka sètifye pou benefis apre semèn nan fini. Yon semèn kòmanse dimanch epi li fini samdi ki vin apre. Sa vle di ou ka sètifye pou benefis nenpòt ki lè apati dimanch pou semèn ki sot pase a.

**ENPÒTAN:** Ou ta dwe sètifye pou benefis le pli vit posib pou nenpòt semèn ou bezwen yo. Sonje byen, pi bonè ou ka fè sa, se dimanch ki vini apre semèn ou bezwen benefis yo. Si ou pa sètifye pou benefis pandan twa semèn youn apre lòt, reklamasyon ou a ap vin inaktif. Si ou te san travay epi ou vle benefis pou semèn sa yo, w ap bezwen relouvri reklamasyon ou epi eksplike poukisa ou pa t sètifye alè. Nou pral revize rezon sa yo pou deside si w ap kapab resevwa benefis pou semèn sa yo.

### **Ou p ap resevwa benefis pou premye semèn chomaj ou a:**

Apre ou vin san travay epi ou fin depoze reklamasyon chomaj ou, sètifye pou benefis pou premye semèn ou san travay la le pli vit posib, paske ou p ap resevwa peman pou semèn sa a. Yo rele semèn sa a 'semèn tann lan'. Menm si ou dwe sètifye pou benefis pou semèn sa a epi satisfè tout kondisyon elijiblite yo, ou p ap resevwa lajan pou li. Sonje byen, pi bonè ou ka sètifye pou benefis pou yon semèn, se dimanch ki vini apre semèn nan fini. Yonfw a 'semèn tann' lan fin pase, w ap kòmanse resevwa peman pou tout lòt semèn benefis ou sètifye pou yo, si ou satisfè tout kondisyon elijiblite yo.

- **Anliy pi fasil pou sètifye, oswa**

## **Kesyon ou dwe reponn pou sètifye:**

Ou dwe sètifye pou benefis chak semèn ou san travay epi ou satisfè kondisyon elijiblite yo, menm si ou poko resevwa peman chomaj. Chak fwa ou sètifye, n ap poze ou kèk kesyon sou si ou ap chèche travay, si ou kapab aksepte yon travay yo ofri ou, epi si ou fizikman ak mantalman kapab travay. N ap mande tou sou estatid travay ou kounye a ak sou nenpòt salè ou ka resevwa.

## **Ou dwe di nou nan ki pwen rechèch travay ou rive:**



Ou dwe chèche travay chak semèn ou mande benefis, apati moman ou depoze premye reklamasyon ou. Ou pral oblije di nou omwen twa (3) aktivite rechèch travay ou te fè chak semèn ou vle resevwa benefis. Asire ou kòmanse chèche travay san pèdi tan.

Nou pa ka peye ou benefis pou okenn semèn ou pa t ap chèche travay, sòf si ou antre nan yon eksepsyon. Eksepsyon yo limite, men nan pifò ka, nou p ap mande ou si ou te chèche travay si ou tonbe nan youn nan eksepsyon sa yo, tankou si w ap suiv yon fòmasyon DUA apwouve. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou fòmasyon DUA apwouve sou *paj 15* nan ti liv sa a oswa lè ou w ap gade nan [mass.gov/training-opportunities-program-top](https://mass.gov/training-opportunities-program-top).

Kenbe yon dosye ak tout rechèch travay ou fè yo. N ap mande ou bay enfòmasyon sa yo pandan pwosesis sètifikasyon chak semèn.

## **Kisa “ap chèche travay” vle di?**

Pou chak semèn ou mande benefis, ou dwe fè omwen 3 “aktivite rechèch travay” diferan. Pou egzanp, ou ka chèche yon djòb:

- anliy,
- an pèsòn, tankou entèvyou oswa fò travay, epi
- lè ou soumèt yon aplikasyon pou yon travay



**Gade sa ki konsidere kòm yon aktivite rechèch travay nan:**  
[mass.gov/info-details/work-search-examples](https://mass.gov/info-details/work-search-examples).

### **Ou dwe fè nou konnen ou kapab travay.**

Ou dwe kapab travay fizikman ak mantalman. Sa vle di ou pa dwe gen yon pwoblèm sante ki anpeche w travay. Si ou bezwen amenajman pou w ka travay, sa pa vle di otomatikman ou pa kapab travay. Epitou, ou pa oblije kapab fè travay ou abitye fè a. Si ou kapab fè lòt kalite travay, ou ka toujou konsidere kòm yon moun ki kapab travay.

Ou gen dwa pou w benefisye twa semèn “maladi apwouve” pou chak reklamasyon. Sa vle di si ou pa kapab travay paske ou malad oswa si gen lanmò nan fanmi ou, ou ka kalifye pou resevwa benefis pou jiska twa semèn. Ou pa oblije itilize tout twa semèn yo youn apre lòt. Nou pral poze w kesyon sou sa si ou di nou ou pa kapab travay. Ou dwe deja fin pase “semèn tann” ou a pou w ka kalifye pou yon semèn “maladi apwouve”.

### **Ou dwe fè nou konnen ou disponib pou travay.**

Ou dwe kapab aksepte yon djòb si yo ofri ou youn. Ou pa konsidere kòm disponib si ou pase tout tan ou okipe ak bagay tankou pran swen yon manm fanmi tout tan, oswa si ou pase pifò nan tan ou ap lanse pwòp biznis pa ou.

Ou ka pa disponib pou aksepte travay si ou pa gen okenn transpò pou ale travay epi ou pa ka travay lakay ou.

Aktivite rechèch travay ou, kapasite ou, ak disponiblite ou ka varye chak semèn. Si ou pa satisfè tout kondisyon yo pandan yon semèn an patikilye, ou ka toujou satisfè yo pandan yon lòt semèn pi devan.

### **Sant Karyè MassHire (MCC) yo:**



Sant Karyè MassHire (MCCs) ofri seminè, atelye, ak pwogram fòmasyon **gratis** ki ede moun ki fè reklamasyon yo jwenn yon nouvo djòb. Aktivite ou fè nan MCC yo konte tou kòm pati nan kondisyon rechèch travay ou.

Demandè yo **dwe** patisipe nan kèk aktivite obligatwa nan MCC. Ou dwe fini aktivite sa yo anvan dat limit lan pou ou ka kontinye kalifye

pou benefis yo. Ou ka itilize lòt resous gratis MCC yo nenpòt lè tou.

## **Reklaman yo dwe enskri nan Pwogram Reyanbochaj (RESEA).**

Ou dwe patisipe nan pwogram RESEA (Sèvis Reyanbochaj ak Evalyasyon Kalifikasyon). Nou pral voye yon avi ba ou byento apre ou resevwa premye peman ou pou di ou kijan pou w enskri nan RESEA epi ki dat limit yo. Gen de pati nan kondisyon RESEA a:

- Patisipe nan yon sesyon oryantasyon
- Patisipe nan yon semèn RESEA. **Avètisman!** Ou dwe fini pwogram nan anvan dat limit lan, sinon ou ka pèdi benefis chomaj ou yo. Dat limit yo ap endike nan *Avi RESEA* ou a.

Jwenn yon Sant Karyè MassHire ki toupre ou nan adrès sa a:

[mass.gov/careercenters](https://mass.gov/careercenters).

Aprann plis sou pwogram obligatwa yo nan adrès sa a:

[mass.gov/guides/your-rights-and-responsibilities-as-a-claimant](https://mass.gov/guides/your-rights-and-responsibilities-as-a-claimant).

## **Ou ka itilize resous gratis MCC yo nenpòt kilè!**

Anplwaye MCC yo, resous yo, ak pwogram yo la pou w! Ou ka:

- ✓ Rankontre konseye karyè MCC yo ak kanmarad ou pou jwenn konsèy sou kijan pou w jere pwosesis rechèch travay la.
- ✓ Patisipe nan atelye konetpans rechèch travay, tankou entèvyou, rezo pwofesyonèl, epi ekri rezime ak lèt motivasyon.
- ✓ Jwenn èd pou planifikasyon karyè epi enfòmasyon sou djòb, metye, ak konpetans ki gen anpil demann.
- ✓ Aksè nan lis djòb lokal, Eta a ak nasyonal yo.
- ✓ Sèvi ak tout resous gratis MCC yo, tankou òdinatè, fotokopie, enprimant, machin faks, jounal pwofesyonèl, anyè biznis, ak piblikasyon sou rechèch travay ak karyè.
- ✓ Jwenn enfòmasyon sou kijan pou w fè rezo pwofesyonèl epi rankontre ak lòt moun kap chèche travay ak anplwayè.

## Lòt bagay enpòtan pou w sonje: Notifye nou sou nenpòt chanjman nan enfòmasyon kontak ou, tankou imel, adrès lapòs oswa nimewo telefòn. Ou kapab:

1. Aktyalize enfòmasyon kontak kont sou entènèt DUA ou, oswa
  - Fè yon randevou ak Sant Reyanbochaj si ou pa gen aksè nan entènèt. Vizite: [mass.gov/recappointment](https://mass.gov/recappointment).
2. **Li epi reponn tout mesaj nou voye ba ou** – menm apre benefis ou yo fin sispann!
  - Si ou te mande nou kontakte ou elektwonikman, n ap voye notifikasyon pa imèl ba ou lè ou gen nouvo lèt oswa mesaj pou w li. Ou pral bezwen konekte sou kont ou pou li lèt yo oswa mesaj yo.
  - Si ou te mande nou kontakte ou gras ak sèvis lapòs Etazini, nou p ap voye notifikasyon pa imèl ba ou. Men nou pral mete kopi tout sa nou voye pa lapòs nan kont sou entènèt DUA ou.
  - **Fè atansyon ak dat limit nou yo, ou ka pèdi kalifikasyon ou si ou pa reponn nan delè yo!**
  - **Remake:** Ou ka chanje metòd kontak ou prefere a nenpòt kilè. Senpleman konekte sou kont sou entènèt DUA ou.
3. Notifye DUA si ou pral lekòl, enskri lekòl, oswa sispann nenpòt fòmasyon a tan plen ke DUA apwouve. Ale lekòl ka afekte kalifikasyon ou paske sa ka fè ou pa disponib pou travay.
  - **Pa** mande benefis chomaj si ou pa Ozetazini oswa Kanada. Ou pa kalifye pou benefis pou semèn kote ou andeyò Ozetazini, teritwa ameriken yo, oswa Kanada. Sa aplikab menmsi w ap fè aktivite rechèch travay ou pandan ou nan peyi etranje a.
4. **Si w ap travay pandan w ap resevwa oswa mande benefis, ou dwe rapòte salè ou nan semèn ou fè yo.** Pa tann jouk ou resevwa lajan an pou w rapòte yo. Travayè yo dwe rapòte salè brit yo (anvan taks) pou chak semèn. E moun ki fè reklamasyon kòm endepandan dwe rapòte salè nèt chak semèn apre dediksyon.



Ou p ap kalifye pou okenn semèn kote ou travay plis pase

35 èdtan oswa ou touche plis pase yon kantite lajan espesifik.

**Avètisman!** Di laverite sou nenpòt lajan ou touche pandan w ap resevwa oswa w ap mande benefis chomaj. Nou gen mwayen pou nou konnen si ou touche lajan. Si ou pa di verite, ou ka oblije remèt tout benefis ou te resevwa yo, ansanm ak enterè ak penalite.

Jwenn plis nan enfòmasyon nan adrès sa a: [mass.gov/service-details/working-while-receiving-unemployment-benefits](https://mass.gov/service-details/working-while-receiving-unemployment-benefits).

**Kisa pou w fè si DUA di ou pa elijib pou benefis chomaj, oswa si yon ansyen anplwayè pa dakò ke ou elijib:**

| Si DUA di ou pa kalifye:                                                                                                                                                                                        | Si yon anplwayè pa dakò ak DUA epi li di ou kalifye:                                                                           |
|-----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| Si ou pa dakò ak desizyon DUA voye ba ou ki diskalifye ou pou w pa resevwa benefis:<br>✓ Ou gen dwa fè apèl kont desizyon nou an nan <b>10 jou</b> .<br>Avi desizyon ou a pral eksplike kijan pou w fè apèl la. | Si anplwayè ou pa dakò ak desizyon nou voye ba ou an:<br>✓ Anplwayè a gen dwa fè apèl kont desizyon nou an nan <b>10 jou</b> . |

- ✓ Si oumenm oswa anplwayè a fè apèl (fè yon kontestasyon), nou pral fikse yon odyans epi voye yon avi odyans pou ou menm ak anplwayè a. Avi odyans lan ap di ou:
  - Kilè ak ki kote pou ale pou odyans lan
  - Sa pou w atann nan odyans lan epi kijan pou w prepare tèt ou

**Pandan w ap tann odyans ou, li enpòtan pou ou kontinye sètifye pou benefis si ou toujou san travay – menm si ou resevwa yon avi ki di ou pa elijib pou resevwa benefis. Si yo akòde ou benefis apre odyans lan, w ap resevwa peman pou tout semèn ou te sètifye yo.**

**Kiyès ki pral prezan nan odyans lan?**

Nan pifò ka yo, pral gen:

- Yon Egzaminatè (tankou yon jij),



- Anplwayè w lan, epi
- Oumenm (moun ki fè reklamasyon an)
- Nenpòt reprezantan ak temwen ou menm oswa anplwayè ou ta vle prezan. Sa pa obligatwa, men se yon opsyon ou menm oswa anplwayè a ka chwazi.

Egzaminatè a pral poze kesyon pandan odyans lan. Oumenm ak anplwayè a gen dwa poze youn lòt kesyon ak ak kesyone temwen yo sou afè a.

Si rezon odyans lan pa gen anyen pou li wè ak anplwayè a, se ou menm ak Egzaminatè a (ansanm ak nenpòt reprezantan oswa temwen ou) ki pral prezan nan odyans lan sèlman.

### **Ale nan odyans lan. Pa anreta!**

Ou menm, reprezantan legal ou, ak nenpòt temwen dwe prezan nan odyans lan **alè**. Si se ou ki te mande odyans lan epi ou anreta plis pase 10 minit, nou pral **anile** odyans lan epi **rejte** dosye w.

Si se ou ki te mande odyans apèl la, epi anplwayè a anreta oswa li pa prezan ditou, odyans lan ap fèt san li. Desizyon odyans lan ap baze sèlman sou temwayaj ak prèv ki prezante pandan odyans lan.

Si Egzaminatè a deside ou pa kalifye pou benefis chomaj, peman benefis ou yo **ap sispann imedyatman**, epi ou ka oblije remèt DUA benefis ou te deja resevwa yo. Ou ka depoze yon apèl (gade “*Kisa pou m fè si mwen pa dakò ak desizyon odyans lan?*”) oswa mande nou yon dispans si ou pa kapab peye lajan an tounen (gade “*Kijan pou mande yon dispans pou yon peman twòp*”).

Pou jwenn plis enfòmasyon sou odyans yo, li: “*Prepare w pou Odyans Apèl la.*” N ap voye dokiman sa a ba ou le ou fin fè apèl.

Ou ka li *Prepare w pou Odyans Apèl la* tou nan: [mass.gov/info-details/finding-legal-help](https://mass.gov/info-details/finding-legal-help).

### **Kisa pou m fè si mwen pa dakò ak desizyon odyans lan?**

Si ou menm oswa anplwayè ou pa dakò ak desizyon odyans lan, pati ki pa dakò a ka fè apèl bay Komisyon Revizyon an.

Pou fè apèl opre Komisyon Revizyon an, itilize fòm ou te resevwa ansanm ak desizyon odyans lan. Ou gen **30 jou** pou w ranpli fòm sa a epi voye l bay Komisyon Revizyon an. Ou ka ranpli fòm lan sou kont entènèt ou oswa voye li pa lapòs. Si w voye demann lan *pa lapòs*, dat sou anvlòp la dwe montre li te poste anvan oswa nan **30yèm jou kalandriye** apre dat desizyon w ap konteste a.

Komisyon Revizyon an pa *oblige* dakò pou l revize dosye w.

- **Si Komisyon Revizyon an aksepte dosye w**, yo pral itilize tout enfòmasyon ki nan dosye ou, koute anrejistremant Odyans Apèl la, epi pran yon desizyon. Si ou pa dakò ak desizyon Komisyon Revizyon an, ou ka fè apèl bay yon Tribinal Distrik Massachusetts oswa Tribinal Minisipal Boston. Komisyon an ap voye enstriksyon ba ou pou w ka suiv pwosesis apèl sa a.
- **Si Komisyon Revizyon an pa aksepte dosye w, oswa si ou pa resevwa nouvèl nan men yo nan 21 jou**, desizyon ki sòti nan Odyans Apèl la ap rete valab epi li vin dènye desizyon ajans lan. Men ou ka mande yon tribinal pou l deside sou ka a. Enfòmasyon sou kijan pou w fè apèl bay Tribinal Distrik Massachusetts oswa Tribinal Minisipal Boston ap enkli nan desizyon Komisyon Revizyon an. Si Komisyon Revizyon an pa voye okenn avi ba ou nan 21 jou, ou ka jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou fè apèl opre tribinal la, lè ou vizite: [mass.gov/orgs/massachusetts-court-system](https://mass.gov/orgs/massachusetts-court-system).

**Yon avoka oswa yon defansè ka ede ou ak apèl la:**

Si ou vle yon moun reprezante ou nan odyans ou a, ou gen dwa gen yon avoka oswa yon defansè. Men, ou dwe chèche youn san pèdi tan. Nou pa ka ranvwaye odyans ou a paske ou poko jwenn yon moun pou reprezante ou. Si ou gen yon avoka oswa yon defansè, ou ta dwe fè DUA konn sa anvan dat odyans apèl la. Ou ka fè sa sou entènèt oswa rele depatman odyans lan nan nimewo sa a: **(617) 626-5200**.

Si avoka oswa defansè ou chaje ou yon frè, li dwe fè DUA apwouve frè sa yo anvan ou peye yo. Pou plis enfòmasyon sou frè yo, vizite:

[mass.gov/how-to/attorneys-must-request-fee-approval-from-the-department-of-unemployment-assistance-dua](https://mass.gov/how-to/attorneys-must-request-fee-approval-from-the-department-of-unemployment-assistance-dua). DUA pa peye frè avoka oswa defansè ou.

Pou jwenn èd pou w jwenn yon avoka, vizite [masslrf.org/en/home](https://masslrf.org/en/home). Ou ka kontakte Asosyasyon Avoka lokal ou oswa biwo èd jiridik nan zòn ou tou. DUA pa kapab ede ou jwenn yon avoka.

## E si n peye w plis pase sa w ta dwe resevwa?

Pafwa, DUA peye moun ki fè reklamasyon yo plis lajan pase sa yo ta dwe resevwa. Sa ka rive si n peye ou benefis chomaj, epi pi ta nou detèmine ou pa te kalifye pou benefis sa yo. Sa rele yon “redetèminasyon”. Ou pral resevwa yon avi si nou jwenn enfòmasyon ki ka fè nou redetèmine reklamasyon ou. Ou pral gen opòtinite pou w pale ak anplwaye DUA sou nenpòt nouvo enfòmasyon anvan nou pran yon desizyon sou redetèminasyon an.

Si nou deside ke ou te resevwa yon peman pa erè, nou pral voye yon *Avi Redetèminasyon* ba ou ki eksplike:

- Rezon poutèt peman anplis la
- Kantite semèn ou te touche anplis
- Montan peman anplis la
- Nenpòt lòt penalite posib
- Kijan pou fè apèl kont redetèminasyon an
- Kijan pou mande yon egzanpsyon



Menmsi peman an twòp la pa fòt ou, nou pral mande ou remèt lajan an. Ou gen dwa fè apèl kont yon redetèminasyon (gade seksyon “*Kisa pou w fè si DUA di ou pa kalifye pou benefis chomaj*”, anlè a).

Li enpòtan pou w li tout kominikasyon menm apre ou fin resevwa benefis chomaj yo, paske nou ka jwenn nouvo enfòmasyon ki ta ka fè nou redetèmine reklamasyon ou.

Ou ka kreye yon plan peman ak DUA. Jwenn plis enfòmasyon sou sa nan kont sou entènèt DUA ou, oswa rele Depatman Rekipèasyon Benefis yo nan nimewo sa a **(617) 626-6300**.

**Eksepsyon:** Ou ka mande pèmisyon pou **PA** remèt lajan an. Pou fè sa, ranpli epi voye yon *Demann pou Dispans Peman ki Twòp (Request for Waiver of Overpayment)*. Gade anba a pou plis detay.

### **Kijan pou mande yon dispans pou peman anplis:**

Ou ka mande pou nou anile peman twòp ou a, sòf si nou detèmine ke li te fòt ou oswa li te fèt ak fwod. Ou ka kalifye pou nou anile oswa egzante ou de peman twòp la si:

- Ou pa gen mwayen pou w re-peye lajan ki twòp la,
- Ou te baze w sou benefis chomaj yo pou achte oswa pran yon desizyon finansye ou pa ta pran si ou pa t resevwa lajan an, oswa
- Lefètke ou te resevwa benefis chomaj yo te mete ou nan yon pi move sitiyasyon finansye, tankou si sa te fè ou pèdi lòt benefis ou te ka kalifye pou yo.

Ou ka jwenn *Fòm Demann pou Dispans Peman ki Twòp la* sou kont sou entènèt DUA ou, oswa rele Depatman Rekiperasyon Benefis yo nan nimewo sa a **(617) 626-6300**.

Si nou apwouve *Demann pou Dispans Peman ki Twòp* ou a, nou pral anile balans peman twòp la. Sa vle di ou p ap bezwen remèt lajan an.

Jwenn plis enfòmasyon sou dispans pou peman twòp nan adrès sa a: [mass.gov/info-details/learn-about-overpayment-waivers](https://mass.gov/info-details/learn-about-overpayment-waivers).

### **Penalite ak frè enterè pou peman anplis:**

DUA ap voye yon *Avi Dekouvèt Fòt* si nou detèmine ke ou “an tò” nan peman ki twòp la paske ou bay move enfòmasyon epi ou te konnen oswa ou te dwe konnen enfòmasyon an pa t kòrèk. Peman ki twòp la ki fèt akòz yon fòt oswa fwod pa kalifye pou dispans. Ou oblije remèt tout lajan an, sa ki enkli:

- Montan lajan ki twòp la,
- 12% enterè sou peman ki twòp la, epi

- Yon penalite 15% (Penalite sa a, ki se yon penalite yonsèl fwa, pa aplikab pou tout ka yo.)

### **Lòt penalite ka aplike tou:**

Si ou te travay pandan ou t ap resevwa benefis chomaj men ou pa t rapòte salè ou, w ap resevwa yon *Avi Dekouvèt Fwod*. Anplis de enterè ak penalite, ou pral oblije sèvi kèk semèn penalite pou chak semèn ou te travay kote ou pa t dwe resevwa benefis. “Semèn penalite” se semèn ou dwe tann san ou pa resevwa okenn peman. Pou nou konte semèn sa yo kont penalite ou a, ou oblije sètifye epi ou dwe kalifye pou semèn sa yo. Si ou pa sètifye oswa ou pa kalifye, nou p ap ka konte semèn sa yo kòm semèn penalite.

**Ou gen dwa pou w fè apèl kont desizyon ki di ou gen fot oswa ou te fè fwod. Avi a ap eksplike kijan pou w fè apèl la.**

### **Si ou pa peye peman ki twòp la oswa ou pa mande yon dispans:**

Si ou pa remèt tout lajan ki twòp la oswa ou pa mande yon dispans, DUA ka:

- Entèsepte ranbousman enpo sou revni ou (ni Eta ni federal), epi
- Redui benefis ou kounye a oswa benefis ou ta ka resevwa nan nenpòt Eta Ozetazini pou remèt peman ki twòp la.
- Pouswiv ou devan Tribinal Distrik la.

### **Kisa pou w fè si ou bezwen fòmasyon pou jwenn travay:**

#### **Pwogram Opòtinite pou Fòmasyon (TOP)**

Si w bezwen nouvo konpetans pou retounen nan mache travay la, ou ka kalifye pou Pwogram Opòtinite pou Fòmasyon (TOP). Si ou kalifye pou TOP, ou kapab:

- Jwenn fòmasyon atanplen nan yon pwogram fòmasyon ki apwouve pa DUA,
- Resevwa benefis chomaj pandan w ap suiv fòmasyon, san ou pa oblije fè aktivite rechèch travay, epi
- Resevwa jiska 26 semèn benefis “pwolonje” si ou fin itilize tout benefis chomaj regilye ou anvan fòmasyon ou fini.

Pou patisipe nan TOP, ou dwe:

- Jwenn yon pwogram fòmasyon ki *apwouve* epi ki ap prepare ou pou mache travay la. Ou ka chèche pwogram sa yo nan nenpòt Sant Karyè MassHire oswa sou sitwèb [mass.gov/jobquest](https://mass.gov/jobquest).
- Soumèt aplikasyon ou pou TOP nan **20 premye semèn kote ou resevwa benefis chomaj**. Kont sou entènèt ou ap montre ou konbyen semèn ou rete pou w aplike pou TOP.


**Sonje:** Lekòl oswa pwogram fòmasyon ou an dwe ranpli yon pati nan aplikasyon ou anvan ou soumèt li bay DUA.

Pou kesyon sou TOP oswa kijan pou aplike, enkli aplikasyon an:

- Ale nan [mass.gov/dua/training](https://mass.gov/dua/training)
- Rele Sant Kontak ou, oswa
- Ale nan nenpòt Sant Karyè MassHire pou yo ede w ak aplikasyon ou oswa pou chèche pwogram fòmasyon. Sonje: DUA pa peye pou fòmasyon ou. Oumenm oswa lòt sous dwe kouvri frè lekòl la. Si ou kite fòmasyon ou anvan dat ki apwouve a, ou dwe fè nou konnen imedyatman. Ou pa ka kontinye resevwa benefis TOP si ou pa patisipe nan pwogram fòmasyon oswa lekòl ki te apwouve a. Si nou dekouvri ou p ap patisipe nan fòmasyon an, men ou kontinye touche benefis, n ap konsidere w ap touche peman ki twòp, e ou ka oblije remèt lajan an.

### **Ou gen kesyon?**

Kontakte Sant Kontak Benefis nan Depatman Asistans Chomaj (DUA). Rele nou nan nimewo **(617) 626-6800**.



## Enfòmasyon kontak ou ka bezwen:

|                                                                                 |                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                    |
|---------------------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <p><b>DUA Online:</b><br/>(Fason pi rapid la)</p>                               | <p>Vizite: <a href="https://mass.gov/unemployment-insurance-ui-for-workers">mass.gov/unemployment-insurance-ui-for-workers</a> pou aplike pou benefis, verifye estati reklamasyon ou, soumèt reklamasyon chak semèn, epi voye enfòmasyon bay DUA. Sitwèb sa a mache pi byen sou òdinatè pòtab oswa òdinatè biwo, esmatfòn ak lòt aparèy mobil.</p>                                                                                                                                                                                                                 |
| <p><b>DUA nan telefòn:</b></p>                                                  | <p><b>Pou aplike pou benefis</b> oswa jwenn èd pou aplike, rele nan: <b>(877) 626-6800</b> (pou area codes <b>351, 413, 508, 774</b>, ak <b>978</b>), <b>(617) 626-6800</b> (pou tout lòt area codes yo), Lendi a Vandredi: 8:30 a.m.-4:30 p.m.<br/> <b>Pou sèvis Vwa Relè pou Moun ki Soud</b> oswa ki gen Pwoblèm Tande, rele: <b>711</b>.<br/> <b>Pou tcheke nan ki pwen reklamasyon ou oswa peman benefis ou rive</b>, rele: <b>(617) 626-6563</b>. Liy Telefòn pou Reklamasyon Chak Semèn: <b>TeleCert Line: (617) 626-6338</b>, Toulejou, 6 a.m.-10 p.m.</p> |
| <p><b>Èd an Pèsòn:</b><br/>The Boston Re-Employment Center (REC)</p>            | <p>Ou oblije pran yon randevou <i>anvan ou ale</i>, nan <a href="https://mass.gov/recappointment">mass.gov/recappointment</a>, or call: <b>(617) 626-6800</b>, L-V: 8:30 a.m.-4:30 p.m. 2 Avenue de Lafayette, Boston, MA 02111.</p>                                                                                                                                                                                                                                                                                                                               |
| <p><b>Sant Karyè MassHire yo</b><br/>Pou sipò pou chèche travay ak fòmasyon</p> | <p>Pou lokalize biwo lokal ou a, vizite: <a href="https://mass.gov/careercenters">mass.gov/careercenters</a>, oswa rele nan: <b>(617) 626-5300</b>, Lendi pou Vandredi: 8:30 a.m.-4:30 p.m.</p>                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                    |
| <p><b>Sant Karyè MassHire yo</b> Pou klas ak semènè</p>                         | <p>Pwograme yon klas: Vizite: <a href="https://mass.gov/jobquest">mass.gov/jobquest</a>, oswa rele: <b>(800) 653-5586</b> Pou jwenn èd nan lang, rele: <b>1-(888) 822-3422</b></p>                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                 |

|                                                       |                                                                                                                                                           |
|-------------------------------------------------------|-----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <b>Aksè Gratis nan Konpitè</b>                        | Pou jwenn aksè gratis nan konpitè, ale nan bibliyotèk lokal ou oswa nan Sant Karyè MassHire                                                               |
| <b>Sèvis Lang ak Aksè pou Moun ki gen yon Andikap</b> | Kontakte nou nan telefòn nan <b>1-(888) 822-3422</b> , oswa imel nou nan <a href="mailto:multilingualServices@mass.gov">multilingualServices@mass.gov</a> |

Ou ka jwenn kopi dokiman sa a nan plizyè lang nan: [mass.gov/dua-multilingual-services](https://mass.gov/dua-multilingual-services).

## Si ou pa pale anglè byen, li avi sa a:

The enclosed notice contains important information about unemployment insurance. The notice may contain important deadlines. It may tell you how to appeal an unemployment decision or tell you what your next steps are. You should have it translated immediately. If you need help translating the notice or have questions, please call the Multilingual Services Unit at **1-(888) 822-3422**, and select your language. If you are claiming unemployment benefits, you must continue to certify weekly for each week that you are unemployed. For general help, claimants can call **(617) 626-6800**. Employers can call **(617) 636-5075**. Translators are available.

El aviso adjunto contiene información importante sobre el seguro de desempleo. Puede incluir fechas límite importantes. Puede indicarle cómo apelar una decisión sobre el seguro de desempleo o cuáles son sus próximos pasos. Debe traducirlo de inmediato. Si necesita ayuda para traducir el aviso o tiene alguna pregunta, llame a la Unidad de Servicios Multilingües al **1-(888) 822-3422** y seleccione **1 para español**. Si solicita beneficios de desempleo, debe seguir certificando semanalmente por cada semana que esté desempleado. Para obtener ayuda general, los reclamantes pueden llamar al **(617) 626-6800**. Los empleadores pueden llamar al **(617) 636-5075**. Hay intérpretes disponibles.

Avi ki anekse a gen enfòmasyon enpòtan sou asirans chomaj. Avi a ka genyen dat limit ki enpòtan. Li ka di w fason pou fè apèl yon desizyon sou chomaj oswa pwochen etap ou dwe swiv. Ou dwe fè yo tradui li touswit. Si ou bezwen èd pou fè tradwi l oubyen gen okenn kesyon, tanpri rele nimewo Telefòn Gratis lan nan **1-(888) 822-3422** epi chwazi opsyon **2 pou Kreyòl Ayisyen**. Si ou ap reklame benefis chomaj yo, ou dwe kontinye deklare pou chak semèn ou fè san travay. Pou moun k ap reklame yo jwenn èd jeneral, yo kapab rele **(617) 626-6800**. Anplwayè yo kapab rele **(617) 636-5075**. Gen tradiktè ki disponib.

隨附的通知包含有關失業保險的重要信息。該通知可能包含重要的截止日期。它可能會告訴您如何對失業決定上訴或告訴您下一個步驟。你應該立即翻譯它。如果您需要協助翻譯該通知或有疑問，請致電多語言服務部門 **1-(888) 822-3422**，並選 **3 給廣東話**。如果您正在領取失業金，您必須繼續每週證明自己失業。如果需一般協助，索賠人士可以致電 **(617) 626-6800**。雇主們可以致電 **(617) 636-5075**。可以提供口譯服務。隨附的通知包含有關失業保險的重要信息。該通知可能包含重要的截止日期。它可能會告訴您如何對失業決定上訴或告訴您下一個步驟。你應該立即翻譯它。如果您需要協助翻譯該通知或有疑問，請致電多語言服務部門 **1-(888) 822-3422**，並選 **4 給普通話**。如果您正在領取失業金，您必須繼續每週證明自己失業。如果需一般協助，索賠人士可以致電 **(617) 626-6800**。雇主們可以致電 **(617) 636-5075**。可以提供口譯服務。

Thông báo kèm theo có chứa thông tin quan trọng về bảo hiểm thất nghiệp. Thông báo có thể chứa các thời hạn quan trọng. Thông báo có thể cho bạn biết cách kháng cáo quyết định thất nghiệp hoặc cho bạn biết các bước tiếp theo cần làm. Bạn nên dịch thông báo ngay lập tức. Nếu bạn cần trợ giúp dịch thông báo hoặc có thắc mắc, xin vui lòng gọi đến đơn vị dịch vụ đa ngôn ngữ theo số **1-(888) 822-3422** và chọn **5 cho tiếng Việt**. Nếu bạn đang yêu cầu tiền thất nghiệp, bạn phải tiếp tục chứng nhận hàng tuần cho mỗi tuần bạn còn thất nghiệp. Để được trợ giúp chung, người yêu cầu có thể gọi đến số **(617) 626-6800**. Người sử dụng lao động có thể gọi đến số **(617) 636-5075**. Phiên dịch viên có nếu cần.

O aviso anexo contém informações importantes sobre o seguro-desemprego. O aviso pode conter prazos importantes. Pode lhe dizer como apelar de uma decisão de desemprego ou dizer quais são seus próximos passos. Você deve traduzi-lo imediatamente. Se você precisar de ajuda com a tradução ou tiver alguma dúvida, por favor ligue para o Serviço de Ligação Gratuita através do número **1-(888) 822-3422** e selecione **6 para Português**. Se você estiver solicitando o seguro-desemprego, deverá continuar a certificar-se semanalmente para cada semana que estiver desempregado. Para obter ajuda geral, os requerentes podem ligar para **(617) 626-6800**. Os empregadores podem ligar para **(617) 636-5075**. Há intérpretes disponíveis.

В прилагаемом уведомлении содержится важная информация о страховании по безработице. В этом уведомлении могут указываться важные сроки. В нём может описываться, как обжаловать решение относительно пособия по безработице или что делать дальше. Вам следует срочно сделать его перевод. Если вам нужна помощь в переводе уведомления или у вас есть вопросы, позвоните в Отдел языкового обслуживания (Multilingual Services Unit) по телефону **1-(888) 822-3422** и нажмите **7**, чтобы выбрать русский язык. Если вы подаёте заявление о получении пособия по безработице, вы должны и далее еженедельно подтверждать, что вы являетесь безработным. За помощью общего характера заявители могут обращаться по телефону **(617) 626-6800**. Работодатели могут звонить по телефону **(617) 636-5075**. Предлагаются услуги перевода.

L'avviso qui allegato contiene informazioni importanti riguardanti l'assicurazione di disoccupazione. Questa comunicazione potrebbe contenere delle scadenze importanti. Potrebbe spiegare come fare ricorso contro una decisione o quali potrebbero essere i passi successivi. Vi preghiamo di farla tradurre immediatamente. Se avete bisogno di aiuto per la traduzione o in caso di dubbi, chiamate il numero gratuito **1-(888) 822-3422** e selezionate **8 per l'Italiano**. Se ricevete il sussidio di disoccupazione, dovrete continuare a mandare i resoconti settimanali per ogni settimana in cui siete disoccupati. Per un aiuto di carattere generale, chiamate il numero **(617) 626-6800**. I datori di lavoro possono chiamare il **(617) 636-5075**. Ci sono traduttori disponibili.

សេចក្តីជូនដំណឹងដាក់ជាប់មាននូវព័ត៌មានសំខាន់អំពីការធានារ៉ាប់រងខាងមិនមានការងារធ្វើ។ សេចក្តីជូនដំណឹងអាចមានជាក់លាក់ ថ្ងៃ រាអាចប្រាប់អ្នកអំពីរបៀបដាក់បណ្តឹងឧទ្ធរណ៍ការសម្រេចចិត្តខាងការមិនមានការងារធ្វើ ឬប្រាប់អ្នកអំពីជំហានបន្ទាប់របស់អ្នក។ អ្នកគួរតែធ្វើការបកប្រែយ៉ាងឆាប់រហ័ស។ ប្រសិនបើអ្នកត្រូវការការបកប្រែសេចក្តីជូនដំណឹង ឬមានសំណួរសូមទាក់ទងទៅអង្គភាពសេវាពលកម្មភាសាលេខ **1-(888) 822-3422**, ហើយជ្រើសយកលេខ **9 សម្រាប់ភាសាខ្មែរ**។ ប្រសិនបើអ្នកទាមទារអត្ថប្រយោជន៍ មិនមានការងារធ្វើធ្វើ អ្នកត្រូវតែបន្តបញ្ជាក់ប្រចាំសប្តាហ៍ស្រាប់រៀងរាល់សប្តាហ៍ដែលអ្នកមិនមានការងារធ្វើ។ សម្រាប់ជំនួយទូទៅអ្នកដាក់ទាមទារអាចទូរស័ព្ទទៅលេខ **(617) 626-6800** ។ និយោជកអាចទូរស័ព្ទទៅលេខ **(617) 636-5075** ។ មានអ្នកបកប្រែជូន។

ເອກະສານແຈ້ງການທີ່ຕິດຄັດມານີ້ມີຂໍ້ມູນສໍາຄັນກ່ຽວກັບປະກັນການຫວ່າງງານ. ເອກະສານແຈ້ງການອາດລະບຸກຳນົດເວລາທີ່ສໍາຄັນ. ເອກະສານນີ້ອາດຈະແຈ້ງໃຫ້ທ່ານຮູ້ວິທີການອຸທອນຄໍາຕັດສິນກ່ຽວກັບການຫວ່າງງານ ຫຼືແຈ້ງໃຫ້ທ່ານຮູ້ເຖິງຂັ້ນຕອນຕໍ່ໄປຂອງທ່ານ.

ທ່ານຄວນແປເອກະສານແຈ້ງການສະບັບນີ້ທັນທີ. ຖ້າ ທ່ານ ຕ້ອງ ການ ຄວາມ ຊ່ວຍ ເຫຼືອ ໃນ ການ ແປ ເອກະສານແຈ້ງ ການ ຫຼື ມີ ຂໍ້ສົງໄສ ກະ ລຸ ນາ ໂທ ຫາ ໜ່ວຍ ບໍ ລິ ການ ຫຼາຍ ພາ ສາ ທີ່ໝາຍເລກ **1-(888) 822-3422** ແລະ ເລືອກ **10 ສໍາລັບ ພາ ສາ ລາວ**. ຖ້າທ່ານກຳລັງຮ້ອງຂໍເງິນຊ່ວຍເຫຼືອການຫວ່າງງານ ທ່ານຕ້ອງສືບຕໍ່ດໍາເນີນການຍິ່ງຍືນເປັນປະຈຳທຸກອາທິດສໍາລັບແຕ່ລະອາທິດ ທີ່ທ່ານຫວ່າງງານ. ສໍາລັບຄວາມຊ່ວຍເຫຼືອທົ່ວໄປ

ຜູ້ຂໍຮັບສິດປະໂຫຍດສາມາດໂທໄປທີ່ໝາຍເລກ **(617) 626-6800**.

ນາຍຈ້າງສາມາດໂທໄປທີ່ໝາຍເລກ **(617) 636-5075**.

ມີນັກແປພາສາຟ້ອມໃຫ້ບໍລິການ.

동봉된 안내문에는 실업 보험에 대한 중요한 정보가 포함되어 있습니다. 안내문에는 중요한 마감일이 포함되어 있을 수 있습니다. 안내문을 통해 실업 결정에 대해 이의 제기를 하는 방법이나 다음 단계에 대한 정보를 알려줄 수 있습니다. 이 안내문을 즉시 번역 조치를 하여야 합니다. 안내문 번역에 도움이 필요하거나 질문이 있는 경우, **1-(888) 822-3422** 번으로 다국어 서비스 부서 (Multilingual Services Unit) 에 전화하신 다음, **한국어 서비스를 원하시면 11 번을** 선택하십시오. 실업 급여를 청구하고 있는 경우, 각 주마다 매주 실적 상태임을 계속 증명해야 합니다. 일반적인 도움을 원하시면, 청구인은 **(617) 626-6800** 번으로 문의할 수 있습니다. 고용주는 **(617) 636-5075** 번으로 문의할 수 있습니다. 통역 서비스를 이용할 수 있습니다.

L'avis ci-joint comporte des informations importantes sur l'assurance chômage. Il peut contenir des échéances importantes. Il peut vous indiquer comment faire appel d'une décision en matière de chômage ou quelles sont vos prochaines démarches. Si vous avez besoin d'assistance pour la traduction ou si vous avez des questions, veuillez appeler le numéro gratuit **1-(888) 822-3422** et choisir le **12 pour le français**. Si vous demandez des allocations chômage, vous devez continuer à certifier chaque semaine de chômage. Pour obtenir une aide générale, les demandeurs peuvent appeler le **(617) 626-6800**. Les employeurs peuvent appeler le **(617) 636-5075**. Des interprètes sont disponibles.

Notes: